

# Jwenn Lajan pou Fanmi ou

## Peman Kredi Enpo pou Timoun yo ap kòmanse 15 Jiyè 2021



Pou ede fanmi yo pandan COVID, gouvènman ameriken an te fè kèk chanjman nan Kredi Enpo pou Timoun nan. Fanmi yo ka resevwa mwatye nan kredi ki konplètman ranbousab la - vo jiska \$3,600 pou chak timoun - kòm peman chak mwa an 2021 epi lòt mwatye a kòm ranbousman an 2022.

Laj timoun nan an 2021	Peman Chak Mwa (Jiyè-Desanm 2021)	Peman Vèsman (2022 Ranbousman Taks)
0-5	Jiska \$300 pou chak timoun	Jiska \$1,800 pou chak timoun
6-17	Jiska \$250 pou chak timoun	Jiska \$1,500 pou chak timoun

Enpòtan:

- Dwe gen yon nimewo Sekirite Sosyal (Social Security number, SSN) ki valid. Ou ka bay Nimewo Sekirite Sosyal ou oswa Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividyèl (Individual Taxpayer Identification Number, ITIN) ou.
- Ou pral resevwa yon maksimòm montan peman si ou pa te gen okenn revni oswa Revni Brit Ajiste (Adjusted Gross Income, AGI) jiska \$75,000 (moun k ap deklare sèl) oswa \$150,000 (moun k ap deklare an koup).

**i** Èske ou vle ranbousman Kredi Enpo pou Timoun konplè ou an sèlman? Pou dezenscri nan peman avanse, sèvi ak [Pòtal Ajou Kredi Enpo pou Timoun IRS](#) la nan [irs.gov](#).

**Kijan ou ka resevwa peman ou >>**

Pou resevwa peman yo, **ou ap bezwen deklare yon ranbousman pou taks menm si nou pa dwe ou lajan.** Ou elijib pou peman menm si ou nan prizon oswa ou pa gen kay pou ou rete. Fason pou ou jwenn peman an pi vit se lè ou fè depo dirèk sou yon kont labank.

Pwochen etap yo:

**Ou te ranpli yon deklarasyon taks 2019 oswa 2020 tax oswa ou te itilize yon zouti pou moun ki pa deklare**

→ Ou pa bezwen fè anyen.

**Ou oblije deklare taks men ou pa ranpli yon deklarasyon taks 2019 oswa 2020**

→ Deklare taks ou ak **NYC Free Tax Prep.** Gade anba a.

**Ou pa oblije deklare taks paske AGI ou pi piti pase \$12,400 (moun k ap deklare sèl) oswa \$24,800 (moun k ap deklare an koup)**

→ Opsyon 1: Sèvi ak Zouti Enskripsyon pou Non-Deklaran pou Kredi Enpo pou Timoun la nan [irs.gov](https://www.irs.gov).

Opsyon 2: Deklare taks ou ak **NYC Free Tax Prep.** Gade anba a.



## Nou la pou ede ou. Men kijan:



### Konsèy finansye gratis

*Anvan ou deklare taks ou...*

Yon konseye **Sant pou Otonomi Finansye NYC** ka ede ou louvri yon kòfrefò ak yon kont labank ki pa twò chè si ou gen youn.



### Preparasyon taks gratis sou entènèt

Yon preparatè benevòl VITA / TCE sètifye IRS nan **NYC Free Tax Prep** kapab gide ou sou kijan pou ou asire ou jwenn peman ou yo. Gen sèvis pandan tout ane a.

#### Pou fè yon randevou:

- Rele **311** epi di "financial counseling" (konsèy finansye)
- Ale sou sitwèb [nyc.gov/TalkMoney](https://nyc.gov/TalkMoney)

#### Pou jwenn enfòmasyon oswa pou pran yon randevou:

- Rele **311** epi di "tax preparation" (preparasyon taks)
- Ale sou sitwèb [nyc.gov/taxprep](https://nyc.gov/taxprep)



**Atansyon ak magouyè.** IRS PA pral rele ou oswa voye imèl pou li mande ou peye oswa mande ou ba li enfòmasyon pèsònèl ou pou ou jwenn peman davans ou an. Pifò moun pa pral bezwen pran okenn mezi pou yo resevwa peman.

**NYC**  
Consumer and  
Worker Protection

Financial  
Empowerment  
Center

NYC  
**FREE**  
TAX PREP